



SUMATIF TENGAH SEMESTER (STS) GANJIL
SMP KATOLIK "ST. YUSTINUS DE YACOBIS"
TAHUN AJARAN 2024 – 2025



Nama Peserta :
Kelas :
Nomer Peserta :

Pilihen salah siji wangsulan sing bener !

Gatekn wacan ngisor iki kanggo mngsuli pitakon nomer 1-3!

“Kados mekaten punika sedherek kawontenanipun Ibu Sulastri lan putranipun Bagiyo. Mbokbilih wonten kersaning penggalih panjenengan sedaya saget paring pambyantu” mangkono atur panutupe Lidiya saka Yayasan Budi Luhur ing rekaman video.

Pranyata Yayasan Budi Luhur ing kalodhangan iku ora mun nindakake rekaman video kanggo media sosial wae, nanging uga nggawa bantuan sembako lan kursi rodha kanggo Bu Sulastri, Pak RT minangka sesulih saka prangkat desa rumangsa trenyuh lan melu ngaturake panuwun.

“Matur nuwun “ dhawuhe Pak RT kang dadi sesulih keluargane Sulastri nampani pitulungan .

“Inggih, mugi-mugi Bu Suharti enggal pulih kados wingi uni.”

Sulastri direwangi dening tangga teparo lan Pak RT nyoba dilungguhke ing kursi rodha. Amarga kliwat senenge mela eluhe wiwit dleweran netesi pipi. Bagiyo sing ngadeg ana pinggire kursi melu nanggis sesegrukan. Sulastri sing lungguh ing kursi rodha banjur disurung metu ing plataran. Lidiya lan tim saka Yayasan Budi Luhur banjur pamitan

1. Tema pethilan cerkak kasebut yaiku
 - A. Menehi pitulungan
 - B. Sambang sedulur
 - C. Njaluk tulung
 - D. Golek ngelmu
2. Setting swasana kang kagambarake jroning cerkak kasebut yaiku
 - A. Ngawatirake
 - B. Rame banget
 - C. Wedi banget
 - D. Nrenyuhake

3. Andharan ing ngisor iki kang ora trep karo pethilan cerkak kasebut yaiku
 - A. Pak RT trenyuh merga wargane ana sing diwenahi pitulungan
 - B. Sulastri nampa pitulungan sembako lan kursi rodha saka yayasan
 - C. Yayasan Budi Luhur nganakake soting kanggo media sosial
 - D. Pak RT ngundang warga masyarakat arep dijak soting video

4. Mbokbilih wonten kersaning penggalih, panjenengan sedaya saged parin pabiyantu dhumateng para kurban.
Tembung kersaning penggalih tegese
 - A. Ana krenteg
 - B. Pengin melu
 - C. Gelem teka
 - D. Njaluk tulung

5. Ukara sing isine menehi andharan utawa menehi kabar ngenani kedadeyan sing wis mentas utawa sing kelakon diarani ukara
 - A. Pawarta
 - B. Pitakon
 - C. Sambawa
 - D. Sananta

Soal Pilihan Gandha Kompleks

Pilihèn wangsulan sing bener luwih saka siji

6. Ing ngisor iki sing klebu, ciri-cirine crita cekak yaiku
 - A. Critane mung sakeplasan
 - B. Isi padhet ukarane ringkes
 - C. Critane dawa alure mung siji
 - D. Isi critane ngemot pitutur

7. Ing ngisor sing klebu ukara sambawa yaiku
 - A. Kowe tekaa kawit wingi jathukna bisa ketemu dulurmu
 - B. Ahikmu mengkoyen ora gelem mangan tukokno lawuh!
 - C. Muga-muga adhimu bijine apik lan ketampa ing SMA negeri
 - D. Saben dina Senen ing sekolahan ajeg dianakake upacara bendera

8. Ing ngisor iki sing klebu unsur instrinsik jronng crita cekak yaiku
 - A. Setting utawa latar
 - B. Pesen moral
 - C. Busanane basa
 - D. Lelandhesane pangripta

9. Jodhokno unsur instrinsik crita cekak karo katrangan ing sisih tengene!

Tema	Rantaman (Urut-urutan) crita sing sinmbungan mbentuk Crita
Alur	Idhe Baku kang dadi lelandhesan sing ana ing sajroning crita
Setting	Nerangake papan panggonan, wektu, lan swasana jroning Crita
Paraga	Para tokoh sing dicritakake ana ing sawijing crita

10. Jodhokno struktur teks crita cekak karo katerangan ing sisih tengene !

Orientasi	Isie nyritakake pucuking prakara sing dialmi denin para Paraga
Komplikasi	Isin carane ngudhari prakara sing dialami para paraga
Resolusi	Ngenalake para paraga lan wewatakane, sarta setting jroning crita

11. Jodhokno jinise ukara karo tuladha ing sisih tengene!

Ukara Pawarta	Tulung aku mengko rewangana nata buku ing njeo lemari!
Ukara pitakon	Kapan adhiu arep nggarap soal-soal Basa Jawa?
Ukara pakon	Upama aku ora dijak luna, aku mesthi bisa ngrewangi kowe
Ukara sambawa	Bapak karo ibuku wingi tindak Surabaya nitih sepur Penataran
Ukara sananta	Aku suk minggu karo budhek arep diajak menyang Jatim Park

Gatekna teks ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 12 lan 12!

Mubyar-mubyar busanang penganten kakung ingkang ngemba busanang narapati lamun kadalu katingal agung, mrabu, miwa mrabawa. Agung tegese kebak ing kaendahan ingkang sanyata adi luhung. Mrbu ateges pindhha jejering narendra ingkang kebekan kawibawan luhur, Mrabawa ateges sinung prabawa endah milangoni.

12. Teks kasebut mujudake basa rinengga jroning tatacara

- A. Nggambarake endahing mlakune temanten lanang
- B. Nyandra kaendahan busanane temanten kakung

- C. Nyandra temanten lanang mlebu ing pawiwahan
 - D. Nggambarake bagus praupane temanten lanang
13. Andharan ing ngisor iki sing ora cocog karo teks kasebut yaiku
- A. Busanane temanten lanang kaya busanane raja
 - B. Busanane temanten yen disawang endah banget
 - C. Temanten lanang kaya raja sing kebak wibawa
 - D. Temanten lanang olehe mlaku sajak kesusu

Gatekna teks ing ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 14-15!

Dhampyak-dhampyak ingkang samya lumaksana angayap sang pinanganten kakung. Ingkang pinaragan dening para kadang para kadang sentana miwah warga wandana. Dhasar penganten kakung anyardula lamtindake, riyk anggajah oling, lembehan merak kasimpir. Sarira ambarata sembada ing driya tan mingkuh salwiring kewula, yen ta tamtama sumbaga wirotama prawira jayeng palugan, tatag, tangguh, tanggon, taaggel jawab prapteng ngendon. Mila kalamun pindhha ing wardaya candrane penganten kakung kadya narendra ingkang arsatedhak siniwaka, lenggah ing dhampar dhenta.

14. Teks kasebut mujudake basa rinengga jroning tata cara
- A. Penganten putri mijil sakka panti busana
 - B. Penganten kakung lagi ganti busana
 - C. Penganten kakung mlebu ing pawiwahan
 - D. Penganten kakung metu ing pawiwahan
15. Adhedhasar teks kasebut lakune penganten lanang
- A. Sajak kesusu merga diburu wektu
 - B. Mlebu ijen ora ana sing ngiring
 - C. Diiring kanca lan sedulur
 - D. Isih mandheg nunggu aba – aba
16. Basa kang dipaesi utawa dipacaki supy katon luwih edah, luwih bergas, merbawani lan ngresepake diarani basa
- A. Kawruh
 - B. Gancaran
 - C. Rinengga
 - D. Pinathok
17. Ing ngisor iki mujudake basa rinengga sing anggone ngrengga sarana nggunakake purwakanthi yaiku
- A. Sepi ing pamrih rame ing gawe
 - B. Keparengan kula badhe matur
 - C. Pranyata wus tata, titi lan tatas
 - D. Suwene nawa candra dasa ari

18. Basa krama ing ngisor iki sing mujudake basa rinengga yaiku
- Kula mangke sonten badhe sowan dhateng daleme pakdhe
 - Ngantos sakniki adhik taksih dereng saget nedha piyambak
 - Dhumateng sanggyaning para rawuh kakung sumawa putri
 - Sesampunipun tumbas buku kula mangke badhe mapag adhik
19. Basa rinengga kang unine “ketaman ing roga ingkang madal saliring usada” tegese
- Wong sing kepengin golek jodho
 - Ngomong sethithik swarane akeh
 - Wong sing wis ora kena dituturi
 - Lara sing wis ora kena ditambahi
20. Olehe ngamu nganti ora eling mrang bebayane, yen didakne basa rinengga sing becik yaiku
- Pengamuke teka tan bangkit ing lisan
 - Pengamuke sura tan taha nir baya nir wikara
 - Ngamuk suradira jayadiningrt lebur pangestuti
 - Pra tantama nggennya lumaksita magita-gita

Soal Pilihan Ganda Komplek

Pilihan wangsulan sing bener luwih saka siji!

Gatekna wacan ing ngisor iki kango mangsuli pitakonan nomer 21-23!

Inggang nembe anandhang kingkin, wonten ing madyaning wana Dhandhaka, sinatriya ingkang nembe tinundhung ingkang rama, inggih kekasih Raden Rama kadheraken ingkang garwa Rekyan Wara Sinta miwah ingkang rayi Rade lesmana ugi sinebat Raden Murdaka. Boten kanyana-nyana salebetipun nembe jejagonan wonten ing sangandhapaning mandira wonten dhatengipun Kidang kencana tracak waja ngleledha Dewi Sinta. Dewi Sinta temahan kasengsem. Dewi Sinta nyuwun dipuncapengaken Kidang Kencana kalawau. Pramila awit saking tresnanipun kaliyan garwa. Raden Rama dhawuh dhumateng ingkang rayi Raden Lesmana supados ngreks kang mbakyu Rekyan Sinta, dene Raden Ram mbujung Kidang Kencana .

21. Ing ngisor iki para paraga sing lagi mangon ing Alas Dhandhk yaiku
- Raden Rama
 - Wara Sinta
 - Raden Anoman
 - Raden Lesmana
22. Raden Rama nembe anandhang kingkin wonten ing madyaning Wana Dhandhaka .
Tebung kingkin tegese
- Bungah
 - Susah
 - Seneng
 - Sedhih

28. Aksara jawa ing ngisor iki unine

ꦱꦶꦠꦶꦭꦫꦩꦠ

- A. Siti lara mata
- B. Siti loro moto
- C. Siti loro mata
- D. Siti mata loro

29. Aksara jawa ing ngisor iki unine

ꦱꦶꦩꦧꦢꦲꦫꦗꦒꦸꦁ

- A. Simbah dahar jenang
- B. Simbah dhahar jenang
- C. Simbah dahar jagung
- D. Simbah dhahar jagung

30. Aksara jawa ing ngisor iki unine

ꦲꦏꦸꦱꦺꦤꦺꦁꦱꦶꦤꦠꦧꦱꦗꦮ

- A. Aku seneng sinau basa jawa
- B. Aku seneng sinau basa ngoko
- C. Aku seneng sinau basa krama
- D. Aku seneng sinai aksara jawa